



Pou Piblikasyon Imedya: 18/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KLAS INOGIRAL POU MANM KÒS SÈVIS EMPIRE STATE LA

Plis pase 500 etidyan atravè kanpis SUNY pral patisipe nan opòtinite pou sèvis piblik ki peye; Pwogram lan rekonèt atravè AmeriCorps

[Fich enfòmasyon](#) sou pwogram nan ak pwogram sivik ak sèvis SUNY an disponib sou sitwèb SUNY an

Gouvènè Adjwen Delgado ak Rektè SUNY an King lanse pwogram nan SUNY Oneonta, ak 40 patisipan yo chwazi pou chak klas

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a klas inogirasyon manm Kò Sèvis Empire State (Empire State Service Corps), avèk 515 elèv ke yo te chwazi nan kanpis Inivèsite Eta New York (University of the State of New York, SUNY) yo nan tout eta a pou patisipe nan opòtinite sèvis piblik peye. Pandan premye sik aplikasyon li a, prèske 2,000 elèv SUNY te soumèt aplikasyon pou pwogram nan, ki bay devwa nan domèn ki gen gwo bezwen tankou lesan patikilye K-12, Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) federal ak sansibilizasyon bezwen debaz yo, sante mantal ant kanmarad, prevansyon rayisans ak prejije, angajman sivik non patizan, ak Aplikasyon Gratis pou demann Éd Federal Etidyan.

"Travay nan gouvènman eta a kòm yon jèn moun se te yon eksperyans fòmasyon ki te katalize enterè mwen nan sèvis piblik ak sèvi pèp New York la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nan elaji inisyativ nou yo pou fè plis jèn patisipe nan Kò Sèvis Empire State la, n ap pran yon angajman avanse pou byennèt yo ak pou amelyore Eta nou an antye. Mwen fyè pou m akeyi klas inogirasyon Kò Sèvis Empire State la, ki gen ladan 515 elèv ki soti nan pwòp lekòl SUNY Eta New York yo. Felisitasyon epi mèsi pou sèvis piblik ou a."

Ekip SUNY Oneonta, pi gwo klas Kò Sèvis Empire State la ak 48 elèv k ap patisipe, te rankontre Gouvènè Adjwen Antonio Delgado ak Rektè SUNY John B. King Jr. pandan pwogram nan kòmanse mwa sa a. Ofisye Anchèf Sèvis Eta New York Matt Schaffer, Prezidan SUNY Oneonta Alberto Cardelle, elèv k ap patisipe yo ansanm ak kowòdonatè kanpis yo te rejwenn yo.

"Sèvis nasyonal ak kominotè gen pouvwa pou ini Nouyòkè yo, adrese pwoblèm sosyal ijan, epi amelyore lavi moun ki patisipe ladan l", **Gouvènè Adjwen Delgado te deklare.** "Jodi a nou selebre lansman Kò Sèvis Empire State la, ki nan premye ane li pral kreye 500 nouvo opòtinite sèvis ki gen valè, peye pou elèv SUNY, pandan y ap adrese bezwen kominote kritik yo. Mwen rekonesan pou lidèchip Gouvènè Hochul nan etabli nouvo Biwo Sèvis ak Angajman Sivik (Office of Service and Civic Engagement, OSCE) la, ki pral elaji ak amelyore opòtinite sèvis atravè Eta New York, pou rann sèvis yo pi aksesib, enklizif, ak desantralize. Kò Sèvis Empire State la se yon bèl premye etap nan direksyon pou elaji opòtinite sèvis yo epi kreye yon eta ki pi solid, ki pi inifye epi ki pi solid."

Empire State Service Corps konekte elèv SUNY k ap patisipe yo ak opòtinite sèvis piblik ki gen enpak sou plis pase 300 èdtan sèvis piblik peye pandan yon ane. Bidjè Eta New York pou ane fiskal 25 la te atribye 2.75 milyon dola pou lanse pwogram nan. Kounye a, plis pase 45 kanpis SUNY te enskri pou resevwa manm Kò Sèvis Empire State la.

Anplis de sa, Komisyon Eta New York sou Sèvis Nasyonal ak Sèvis Kominotè a te bay Kò Sèvis Empire State la 2.5 milyon dola kòm yon pwogram AmeriCorps. Lajan federal sa yo pral sipòte administrasyon pwojè sèvis espesifik yo, epi nan fen tèm sèvis AmeriCorps la, epi etidyan ki elijib yo pral resevwa yon Prim Edikasyon Segal AmeriCorps, ki ka itilize pou ranbouse prè ki kalifye yo ak pou peye depans edikasyon aktyèl yo nan enstitisyon edikasyon siperyè ak pwogram fòmasyon ki kalifye yo.

Rektè SUNY an John King, te deklare, "Sivik ak sèvis entegral nan misyon edikasyon siperyè piblik ak travay SUNY. SUNY fyè de elèv yo chwazi pou premye Kò Sèvis Empire State la ki pral reponn apèl pou sèvi ak amelyore kominote pa yo. Mwen rekonesan espesyalman pou Gouvènè Hochul, Gouvènè Adjwen Delgado, ak lidèchip Lejislati a nan kreye yon pwogram sèvis ki pral elaji opòtinite pou eksperyans pratik pandan y ap satisfè bezwen Nouyòkè yo atravè Eta a."

Prezidan SUNY Oneonta, Alberto Cardelle, te deklare, "Fè yon diferans nan sèvi lòt moun antre nan kè misyon nou nan SUNY Oneonta. Nou apresye opòtinite sèvis piblik peye ki te posib gras ak efò sa a, ki te defann pa Biwo Gouvènè a ak SUNY. Mwen fyè dèske elèv nou yo te reponn apèl sa a pou sèvi Oneonta ak rejyon ki antoure a avèk anpil antouzyas."

Senatè Eta, Toby Ann Stavisky, te deklare, "Empire State Service Corps bay etidyan SUNY nou yo eksperyans pratik ki gen anpil valè pandan l ap ede moun ki benefisye travay yo. Pwogram sa a se yon lòt egzanp meni vaste ak solid opòtinite edikatif SUNY pou etidyan nou yo."

Manm Asanble Patricia Fahy te deklare, "Atravè Kò Sèvis Empire State la, elèv New York yo ap angaje yo nan opòtinite sèvis piblik enpòtan ki konekte yo ak kominote yo ak vwazen yo. Opòtinite aprantisaj ki bay eksperyans tankou sa a ede elaji konpetans yon elèv ak kapasite yo pou jwenn travay lè li gradye, pandan y ap solidifye yon angajman

pou sèvi kominote li ak lòt moun atravè sèvis piblik ki gen sans. Mwen te fyè dèske m te kolabore ak Rektè King ak Gouvènè Hochul pou finanse Kò Sèvis Empire State nan Bidjè final ane sa a, epi mwen felisite klas inogirasyon an pou akonplisman nou!"

PDG AmeriCorps la, Michael D. Smith, te deklare, "SUNY te entegre yon fason inovan sèvis nasyonal nan operasyon li yo nan inisyè FAFSA Completion Corps epi ofri benefis pou ansyen elèv AmeriCorps yo atravè Inisyativ Sèvis Lekòl Nasyonal la (Schools of National Service Initiative) la. Inisyativ Kò Sèvis Empire State la kontinye travay sa a lè li pèmèt plizyè santèn etidyan sèvi kominote yo kòm manm AmeriCorps, kote yo jwenn konpetans pwofesyonèl ak pèsònèl ki gen anpil valè pandan y ap touche lajan pou edikasyon. AmeriCorps espere aprann nan efò SUNY yo epi li espere ke lòt sistèm edikasyon siperyè pral suiv tras yo."

Prezidan Campus Compact, Bobbie Laur, te deklare, "Empire State Service Corps montre potansyèl transfòmasyon angajman sivik edikasyon siperyè. Plizyè santèn etidyan SUNY ki pral patisipe nan pwogram sa a pral akèri ladrès ki gen anpil valè ak eksperyans pratik epi yo pral enkòpore ak yon angajman dirab nan patisipasyon sivik. Pandan y ap fè yon diferans pozitif nan lavi Nouyòkè yo ak kominote pa yo, inisyativ inovan sa a enspire nou tout pou nou eksplòre nouvo fason ki gen enpak pou nou sèvi."

Linda Cohen, Direktè Egzekitif Komisyon Eta New York sou Sèvis Nasyonal ak Sèvis Kominotè te deklare, "Komisyon an kontan anpil pou l kreye patenarya ak SUNY ak Biwo Sèvis ak Angajman Sivik sou nouvo inisyativ AmeriCorps ki gen anpil valè. Yon rezo plizyè santèn etidyan SUNY atravè Eta a pral pote sèvis ak sipò bay Nouyòkè yo ak kominote yo nan yon echèl ki pral depase efò nou te fè anvan yo. Kò Sèvis Empire State la se yon siksesè apwopriye pou plizyè milye Nouyòkè ki te sèvi nan AmeriCorps nan trant ane ki sot pase yo ak yon kòmansman enspiran pou trant pwochen ane yo ak odela."

Direktè Egzekitif Partners for Campus-Community Engagement, Doktè David Harker, te deklare, "Partners for Campus-Community Engagement (PCCE) bat bravo pou angajman sistèm SUNY ak biwo Gouvènè Adjwen an pou apwofondi bon jan kalite angajman kominotè atravè Eta nou an. Pwogram Service Corps la rekonèt enpòtan pou sipòte etidyan ki angaje yo finansyèman, pou asire aksè ekitab ak opòtinite edikasyon ki bay eksperyans epi ki bay benefis mityèlman. Manm Kò sa yo pral fè yon gwo enpak nan kominote yo, pandan y ap devlope konpetans ak eksperyans enpòtan ki pral benefisye yo anpil. Sa a se yon lòt gwo etap pou pi devan nan angajman Eta New York ak SUNY pou edikasyon siperyè kòm yon byen piblik."

Carol Geary Schneider, Konseye Prensipal pou Kolaborasyon Milti-eta pou Aprantisaj Sivik ak Angajman Demokratik nan nivo Kolèj (Multi-State Collaborative for College Civic Learning and Democracy Engagement), te ajoute, "Edikasyon te toujou gen yon misyon enterè piblik — men jodi a, New York ap revitalize misyon sa a pou plase angajman ak sèvis kominotè nan sant li. Nou menm ki nan Kolaborasyon Milti-eta pou Aprantisaj Sivik ak Angajman Demokratik nan nivo Kolèj nou

kontan anpil pou nou wè New York ap fè nouvo etap nan prepare elèv yo pou yo aji ak lòt moun pou amelyore kalite lavi pou tout moun."

Richard Haass Otè *The Bill of Obligations: The Ten Habits of Good Citizens* (Deklarasyon Obligasyon: Dis Abitid lakay Bon Sitwayen yo), te deklare, "Sèvis piblik kapab ankouraje kominote a, devlope konpetans, adrese bezwen reyèl ak bati pon ant sitwayen yo ak gouvènman yo. Tout sa vle di mwen kontan wè pwòp Eta New York mwen ak Inivèsite Eta New York reyini ansanm pou lanse Kò Sèvis Empire State la. Pwogram sèvis piblik sa yo depase politik epi yo merite gwo sipò."

Kò Sèvis Empire State la te lanse kòm yon pati nan angajman Gouvènè Hochul ak Rektè King pou ogmante opòtinite sèvis pou elèv yo atravè Eta a. Anplis Kò Sèvis Empire State la, sistèm inivèsite a te lanse lòt pwogram pou edikasyon sivik, diskou sivil, ak konsyantizasyon sivik atravè kanpis yo. Prentan sa a, Rektè King te anonse 10 bbousye fakilte yo ta vin premye Bousye Edikasyon Sivik ak Angajman ak Diskou Sivil. Bousdetid la gen pou objektif pou ankouraje diskou sivik pami etidyan yo, pwofesè yo ak anplwaye yo atravè kanpis SUNY yo. Gen plis enfòmasyon sou pwogram nan ak travay SUNY pou elaji opòtinite angajman sivik yo ki disponib [isit la](#).

Anplis 500 manm Kò Sèvis Empire State la ki finanse pa Eta a, Gwoup filantropi Ibis ap sipòte 15 manm Kò adisyonèl pou sèvi nan wòl sansibilizasyon elektè ak angajman sivik non patizan.

Prezantasyon State University of New York

State University of New York, ki selebre 75èm anivèsè li ane sa a, se pi gwo sistèm edikasyon siperyè konplè nan peyi Etazini, epi plis pase 95 pousan nan tout Nouyòkè ap viv nan yon distans 48 km ak nenpòt nan 64 kolèj ak inivèsite SUNY yo. Nan tout sistèm nan, SUNY gen kat sant sante akademik, senk lopital, kat lekòl medikal, de lekòl dantè, yon lekòl dwa, pi ansyen lekòl maritim nan peyi a, sèl kolèj optometri eta a, epi li jere yon Laboratwa Nasyonal Depatman Enèji Etazini. An total, SUNY sèvi anviwon 1.4 milyon etidyan nan tout pòtfèy kou ak pwogram kredi epi ki pa mande kredi, edikasyon kontinyèl ak pwogram sansibilizasyon kominotè yo. SUNY an siveye prèske yon ka nan rechèch akademik nan New York. Depans pou rechèch yo nan tout sistèm nan te prèske 1.1 milya dola nan ane fiskal 2022 an, ki gen ladan gwo kontribisyon nan men etidyan ak pwofesè yo. Genyen plis pase twa milyon ansyen etidyan SUNY nan monn lan epi youn sou chak twa Nouyòkè ki genyen yon diplòm inivèsite se yon ansyen etidyan SUNY. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, vizite www.suny.edu.

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)